



## **PWOSÈ VÈBAL OFISYÈL ODYANS ADISTANS SOU CHWA PWOGAM LEKÒL MA AK REYINYON KOMITE LEKÒL BOSTON**

**25 Me 2022**

Komite Lekòl Boston te òganize yon odyans adistans sou Pwogram Chwa Lekòl MA ak reyinyon Komite Lekòl la nan dat 25 me 2022 a 5è p.m. sou Zoom. Pou plis enfòmasyon sou nenpòt atik ki nan lis anba a, vizite [www.bostonpublicschools.org/schoolcommittee](http://www.bostonpublicschools.org/schoolcommittee), imèl [feedback@bostonpublicschools.org](mailto:feedback@bostonpublicschools.org) oswa rele Biwo Komite Lekòl Boston lan nan (617) 635-9014.

### **PREZANS**

Manm Komite Lekòl la ki prezan: Prezidan Jeri Robinson; Vis Prezidan Michael D. O'Neill; Stephen Alkins; Brandon Cardet-Hernandez; Rafaela Polanco Garcia; Quoc Tran; ak Reprezantan Elèv Xyra Mercer.

Manm Komite Lekòl la ki Absan: Lorena Lopera.

### **DOKIMAN YO PREZANTE**

Ajanda

Pwotokòl Reyinyon: 11Me 2022

Mizajou Revizyon DESE (Rapò Siveyan)

Memo UP Academy

Deklarasyon Enpak Sou Ekite: UP Academy

Sibvansyon pou Apwobasyon Totalizan \$955,926

Plan Memo Sou Chwa Lekòl Massachusetts

Plan Chwa Lekòl Massachusetts

Mizajou Memo Sou Aprantisaj Lete

25 Me 2022

Mizajou sou Aprantisaj Ete Deklarasyon Enpak sou Ekite

Mizajou Prezantasyon sou Aprantisaj Ete a

## RAPÈL POU KÒMANSE

Prezidan Jeri Robinson te ouvri seyans lan e dirije sèman fidelite an. Madam Sullivan te fè apèl nominal la. Mesye Cardet-Hernandez ak Madam Mercer te absan men yo te rive nan yon ti tan apre apèl la. Tout lòt manm yo te prezan.

Madam Robinson te di reyinyon aswè a t ap difize an dirèk sou Zoom. Li pral redifize sou Boston City TV. L ap pibliye egalman nan [bostonpublicschools.org/schoolcommittee](https://www.bostonpublicschools.org/schoolcommittee) ak sou YouTube. Li te anonse sèvis entèpretasyon similtane disponib nan lang Espanyòl, Kreyòl Ayisyen, CapVèdyen, Vietnamyen, Kantonèz, Mandaren ak Siy Langaj Ameriken an (ASL). Entèprèt yo prezante tèt yo epi yo bay enstriksyon nan lang natif natal yo sou fason pou jwenn aksè nan entèpretasyon similtane a lè yo chanje chanèl Zoom la. Tradiksyon dokiman reyinyon yo te afiche nan [www.bostonpublicschools.org/schoolcommittee](https://www.bostonpublicschools.org/schoolcommittee) anvan yo kòmanse reyinyon an.

Prezidan Robinson te denonse gwo fiziyad ki sot pase a nan Robb Lekòl Elemantè nan Uvalde, TX, e li te mande yon minit silans.

## ODYANS NAN CHWA PWOGRAM LEKÒL MA, SY 2022-2023

Pa t gen oratè pou odyans nan Pwogram Chwa Lekòl MA, Ane Eskolè 2022-2023.

**Apwouve** - Nan apèl nominal la, Komite a apwouve nan inanimite yon mosyon pou ranvwaye odyans Pwogram Chwa Lekòl MA pou Ane Eskolè 2022-2023.

## APWOBASYON PWOSÈ VÈBAL YO

**Apwouve** - Nan apèl nominal la, Komite a apwouve nan inanimite pwosè vèbal reyinyon Komite Lekòl la nan dat ki te 11, 2022.

## RAPÒ SIVEYAN

*\*Fason yo te prepare prezantasyon an.*

Mèsi, Madam Prezidan, e mèsi tout moun paske w avèk nou aswè a. Mwen gen kèk mizajou mwen vle pataje anvan nou antre nan prezantasyon an aswè a.

Nou la aswè a ak yon kè ki lou. Evènman trajik yè a ak disparisyon plizyè moun ki presye montre gravite travay ki ap tann nou tout. Pa gen anyen ki pi enpòtan pase sekirite timoun nou yo ak asire yo vin yon timoun... san enkyetid ak san pwoblèm granmoun yo. Timoun yo gen

**25 Me 2022**

sèlman yon anfans. Yo pa ta dwe bezwen pè pou yo ale lekòl, oswa pou yo entimide, oswa pou yo temwen vyolans ak zam senpleman nan peyi nou an. Nou dwe fè yon efò. Nou dwe adopte lwa sou bon sans sou zam epi kreye pwogram espesyal pou retire zam nan ri nou yo epi soti nan men moun ki ta vle fè mal yo. Sekirite ak byennèt tout elèv ak anplwaye nou yo nan lespri nou tout -- pa sèlman jodi a, men chak jou e chak swa. Mwen konnen ensidan trajik tankou sa a fè nou tout reflechi sou pwòp lekòl nou yo, elèv yo ak anplwaye nou yo. Mwen vle pran yon moman yo rasire fanmi, anplwaye ak elèv yo.

Sa enkyetan men gen yon kantite bagay nou genyen an plas pou kenbe elèv nou yo an sekirite.

- Aksè nan lekòl yo ak kontwòl yo an plas nan tout lekòl yo: tout pòt yo fèmen epi moun pa kapab antre nan bilding nan sòf si yon anplwaye otorize pou yo antre.
- Nou ajoute yon kat otorizasyon nan lekòl yo pou nou konnen ki moun ki ap vini nan bilding nou yo
- N ap fè investisman pou amelyore sistèm PA nou yo e anpil lekòl gen radyo pou sipòte kominikasyon si sa nesèsè.
- Pou chak klas nou apenn fini yon verifikasyon nan tout pòt entèn nou yo pou asire yo ka fèmen
- Nan kòmansman ane sa a, nou te fè yon odit sekirite ak chak lidè lekòl nou yo pou konprann ki bezwen sekirite yo epi chak lekòl gen yon plan sekirite. Kòm rezilta odit sa a, nou te travay ane sa a epi n ap kontinye pandan ete a pou amelyore bagay tankou ekleraj ak kamera sekirite ○ Semèn pase a nou te revize pwotokòl sekirite nou yo ak lidè lekòl nou yo nan ki moman pou yo rele lapolis oswa sèvis ijans yo.
- Epi nou travay nan yon kolaborasyon etwat ak lapolis Boston ki patwouye katye lekòl nou yo regilyèman

Mwen vle rekonèt egalman te gen plizyè ensidan ki te rapòte nan laprès nan kèk lekòl nou yo. Nou gen plis pase 120 lekòl ki ap fè bagay enkwayab chak jou e gen kèk lekòl ki te gen kèk ensidan twoublan. Nan chak ka, anplwaye yo te aji imedyatman pou pran aksyon apwopriye ki endike nan pwotokòl nou yo. Nou konnen anplwaye nou yo souvan oblije pran desizyon rapid nan sikonstans k ap evolye rapidman. Mwen rekonesan anpil pou lidè lekòl nou yo ak anplwaye ki sou plas ki kenbe elèv nou yo an sekirite chak jou. N ap kontinye sipòte lekòl nou yo pou asire yo suiv enstriksyon apwopriye ak pwotokòl sekirite yo pou nou ka bay yon anviwonman ki an sekirite e ankourajan pou tout anplwaye nou yo ak elèv yo. Nou konnen aprantisaj lan pa posib si yon jèn pè sa k ap pase nan lekòl yo oswa si yo sibi vyolans nan lekòl la oswa sou wout yo, sou wout lakay yo pandan yap soti lekòl. Nou pran angajman pou bay elèv nou yo opòtinite edikasyon an kalite nan yon anviwonman aprantisaj ki an sekirite san vyolans, asèlman, entimidasyon, diskriminasyon, ak krim rayisman, kote tout manm kominote elèv yo trete youn lòt ak respè epi apresye yon gran divèsite nan lekòl nou yo. Epi nou te voye yon lèt lakay yo bay fanmi yo ak anplwaye ki gen resous adisyonèl pou ede nou gide nenpòt konvèsasyon oswa kesyon elèv yo ka genyen epi yo pral kontinye travay ak estaf lekòl nou an pou sipòte elèv nou yo. Maten an Majistra a ak mwen te anonse plizyè efò BPS nan tout vil la pou kowòdone sèvis pou elèv ak fanmi nou yo pou adrese enkyetid tout kominote a epi asire yon ete an sekirite. Sa gen ladann lekòl pandan sezon ete a, Boston After School and Beyond, Travay nan ete a, yon patenarya ki ranfòse ak Sant vil BCYF yo, e relanse Homefront 4 pwogram divètisman pou jèn ki travay ak kominote relijye a ak BPD pou asire fanmi yo jwenn sipò ki nesèsè pou yo. sipòte pitit yo ki bezwen sipò.

**25 Me 2022**

Pandan m ap pase lòt enfòmasyon nan distri a, mwen vle kòmanse mete aksan sou yon bèl egzanp travay konstriksyon kominote nou yo ant lekòl nou yo, sèvis sekirite BPS ak Lapolis Boston. TechBoston, ansanm ak Sèvis Sekirite BPS ak Depatman Lapolis Boston, te òganize yon "Jwèt Baskètbòl Vibe Pozitif" kote plis pase 150 elèv ak 30 Ofisye Lapolis nan tout vil la ak Espesyalis Sekirite BPS te patisipe nan yon match baskètbòl Zanmitay elèv kont ofisye yo. Ofisye lapolis yo ak espesyalis sekirite yo te pran "W" fwa sa a, men elèv yo te pran plezi, nan manje plizyè pizza e yo te menm resevwa mayo komemoratif ak yon sak sipriz. Te gen menm yon konkou pwezi kote elèv ganyan yo te resevwa yon kat kado 100 Dola. Se te yon gwo evènman e li te bèl pou wè tout moun kap amize yo ak prezans lòt moun nan kominote a. Sa a se egzakteman kalite aktivite pou devlopman kominote nou an jèn nou yo bezwen e nou espere planifye plis evènman nan ete sa a ak ane pwochèn nan lòt lekòl BPS.

Pandan kèk semèn ki sot pase yo, te gen kèk anons enteresan nan men BPS ak Vil la. Nan dat ki te 18 me a, mwen te rejwenn Majistra a pou m te anonse apati 1ye jiyè, City Fresh Foods, yon konpayi sèvis manje ki baze nan Roxbury 5 nwa yo posede, pral bay yon ti dejene, manje midi, manje apre lekòl, kolasyon fre ak repa pou ete a nan tout Lekòl Piblik Boston yo. Tout repa yo pral fèk fèt nan etablisman pwodiksyon Roxbury City Fresh la ak engredyan nourisan, ki gen ladan manje lokal. Patenarya sa a pral ede elèv nou yo rete an sante pou yo ka kontinye aprann pandan tout jounen lekòl la — paske nou konnen timoun nou yo pa ka aprann lè yo grangou. Patenarya sa tèlman espesyal paske non sèlman elèv nou yo pral gen repa nourisan, men yo pral gen tou aksè a yon pakèt manje ki enpòtan kiltirèlman ki soti nan yon biznis ki reprezante kè ak nanm Roxbury. Mwen vle remèsye Majistra Wu, ankò, pou sipò ak angajman kontinyèl li anvè BPS ak investisman nan sante elèv nou yo. Mwen espere patenarya sa a ak City Fresh Foods pou nou kapab kontinye ankouraje lidè Boston yo nan lavni.

Mwen kontan egalman pou m pataje anons Majistra a sou Green New Deal pou BPS. 12 me ki sot pase a, Majistra Wu te anonse yon plan 2 milya dola pou revize enstalasyon BPS yo, ki gen ladan nouvo pwojè konstriksyon ak renovasyon, ansanm ak amelyorasyon nan tout distri a. Mwen kontan anpil sou sa plan sa vle di pou anpil elèv yo, anplwaye ak fanmi nou yo. Aparans ak sansasyon yon bilding eskolè lè yon elèv ap antre gen yon gwo enpak sou fason yo santi yo konsènan aprantisaj. Chak elèv nou yo merite antre nan yon bilding lekòl ki modèn, ki ajou e ki byen ekipe pou amelyore anviwònman aprantisaj yo, e menm sa tou enpòtan, fè yo santi yo byen pou jounen an. Inisyativ Green New Deal la pral bati sou Kad Garanti Kalite nou te avanse pou plizyè ane ki sot pase yo epi ki te enkli kòm yon pati nan Bidjè BPS FY23 la. Garanti Kalite sa a se pwomès BPS fè pou elèv nou yo ak fanmi nou yo yon jou, chak lekòl nan chak katye pral bay yon ekselans estanda ak yon kalite siperyè. Sèvis debaz sa a nan tout lekòl yo pa gen anyen mwens pase sa paran yo atann ak elèv nou yo merite. Investisman sa a pral kontinye travay n ap fè pou garanti tout elèv nou yo resevwa bon jan kalite edikasyon nan bilding lekòl yo, ak klas ki ankouraje aprantisaj epi ede yo reyisi, pwospere ak reyalize rèv yo. Nou pral vini nan komite lekòl la nan mwa jen pou mete w plis detay sou pwojè espesifik ak pwopozisyon yo men nou te vle ogmante investisman enteresan 2 milya dola sa a pou lekòl nou yo, elèv yo ak anplwaye nou yo.

Mwen kontan aswè a pou m anonse sa apre anpil mwa negosyasyon. Sendika chofè Bis Eskolè nan Boston te vote Madi swa pou apwouve yon akò kontratyèl ki te rive jwenn ak Transdev, kontraktè transpò prive nan Lekòl Piblik Boston. Depi mwen te vini Boston, se yon gwo priyorite pou mwen jwenn yon kontra ki jis pou travayè nou yo ak yon kontra ki travay pou elèv

**25 Me 2022**

nou yo ak fanmi nou yo. Akò sa a se yon viktwa pou elèv ak fanmi nou yo. Kontra sa a reyalize plizyè chanjman operasyonèl nou bezwen pou ogmante pèfòmans ponktyalite otobis yo ak prezans chofè nou yo. Sa yo gen ladan egalman yon ogmantasyon siyifikatif nan salè, ki fè nou pi konpetitif e egalman plizyè lòt amelyorasyon kontra pou chofè yo ak chanjman operasyonèl nou yo pou amelyore pèfòmans yo. Li pral amelyore operasyon transpò lekòl pou plis pase 22,000 elèv atravè vil Boston nan. Chofè otobis lekòl nou yo se manm enpòtan nan kominote nou an, e yo se kle nan estrateji nou an pou bay tout elèv yo yon bon jan kalite edikasyon. Nou rekonesan ak administrasyon Wu, Transdev, ak chofè yo pou angajman kontinyèl yo pou bay transpò fanmi yo depann sou yo.

Mwen te vle ba ou yon mizajou rapid aswè a sou pwogrè nan lokalizasyon nouvo kominote lekòl yo pou fanmi Mission Hill nou yo rele lakay yo ane pwochèn. Aktyèlman nou sou yon bon chemen, pi bonè jodi a nou gen enfòmasyon sou chwa lekòl yo pou 205 sou 209 elèv Mission Hill. Ekip nou an ap kontinye mennen kontak ak chak fanmi pou asire nou tout elèv yo ak nouvo plasman yo konte. Nou pral kòmanse pwosesis repatisyon elèv yo semèn pwochèn, ak yon objektif pou fanmi yo resevwa notifikasyon yo apati 10 jen.

Anfen, mwen te vle pataje yon mizajou sou rapò DESE a. Yè, DESE te òganize reyinyon Komisyon Konsèy yo chak mwa, ki te gen ladann yon mizajou sou revizyon distri lekòl piblik Boston yo. Aswè a nou gen yon prezantasyon tou kout pou pataje avèk ou kalandriye jeneral la ak apèsi sou rezilta nan rapò a. Mwen pral remèt li bay Siveyan Adjwen Akademik Dr. Drew Echelson pou bay plis detay.

*[Siveyan Adjwen Akademik Drew Echelson prezante yon Mizajou sou Revizyon DESE a.]*

Mèsi, Dr Echelson pou ekspeze a. N ap kontinye travay an patenarya ak eta a ak majistra a pandan n ap detèmine chemen an. Sa a konkli rapò siveyan mwen an.

---

Mesye Cardet-Hernandez te poze kesyon sou wòl Komite Lekòl la nan pwosesis negosyasyon DESE MOU. Siveyan an te di zafè operasyonèl yo se nan domèn konpetans siveyan an. Li te pwomèt pou l pote yon akò final bay Komite Lekòl la pou diskisyon

Doktè Alkins mande sou sitiyasyon plan estratejik depatmantal yo. Siveyan an te di konseyè prensipal Nadine Ekstrom te ekri yon plan estratejik edikasyon espesyal ki pral pataje ak Konsèy Konsiltatif Paran yo pou Edikasyon Espesyal nan Boston (SpedPac). Asistan Siveyan Pwovizwa Biwo Elèv aprenan Anglè Farah Assiraj ap travay ak ekip li a pou finalize yon plan estratejik pou ELL yo.

Mesye O'Neill te dekri rapò DESE a kòm yon fason ki bay rekòmandasyon, li mande lidè distri yo pou yo reflechi sou dokiman an epi aplike solisyon yo.

Madan Robinson te klarifye rapò DESE a te pataje ak manm Komite a san pèdi tan nan moman kote eta a te pibliye l.

Mesye Cardet-Hernandez te mande done sou absans kwonik yo Siveyan an te dakò bay.

**25 Me 2022**

Doktè Alkins te mande konsènan pwochen etap yo ak wòl Komite Lekòl la. Siveyan an te di li nan kominikasyon regilye ak Prezidan an ak Vis Prezidan an pandan li menm ak ekip li a ap negosye yon nouvo akò ak DESE pou anpeche yo resevwa rediksyon. Li te di li pral pote yon vèsyon final akò a bay Komite Lekòl la.

Madam Robinson te note, Mesye O'Neill, Madam Polanco Garcia ak Madam Mercer te asiste reyinyon konsèy DESE sou BPS nan dat ki te 24 me a. Li te eksprime enkyetid konsènan presizyon done BPS yo epi li te di distri a dwe fè plis efò.

Madam Polanco Garcia te di pwosesis detansyon leta a pa solisyon an. Li te di Gwoup Travay sou aprenan Anglè yo te mande distri a pou bay plis opòtinite pou metrize nan lang natif natal yo. Li sigjere kominote a ta dwe kapab revize MOU a anvan li siyen. Siveyan an te di li pral pale ak Komisè Riley pou klarifye pwosesis angajman an, konsa si yon vòt nan Komite a nesèsè, epi li pral swiv ak Komite a.

Mesye Cardet-Hernandez mande sou estrateji edikasyon espesyal distri a. Siveyan Adjwen Akademik Drew Echelson te di BPS dwe asire bonjan enstriksyon Nivo 1 nan tout lekòl BPS yo. Li te pale sou defi ak kompleksite sistèm kodaj edikasyon espesyal distri a. Li te di DESE ap kòmanse yon nouvo pwogram pilòt ki rele Pwosesis Amelyorasyon IEP pou ede distri yo adapte sipò pou elèv edikasyon espesyal yo.

**Apwouve** - Nan yon apèl nominal, Komite a apwouve nan inanimite Rapò Siveyan an.

## **RAPÒ**

**Modifikasyon nan Orè UP Academy Boston ak UP Academy Dorchester** - Mike Bower, Direktè Operasyon UP Education Network, te mande yon modifikasyon pou mete ajou chak ane orè UP Academy Boston ak UP Academy Dorchester soti nan 185 jou lekòl pou rive 180 jou lekòl, apati ane lekòl sa a. Pwopozisyon an nan akò ak rès BPS ak lòt lekòl ki nan rezo nou an. Mesye Bower eksplike lidè UP yo te resevwa kòmantè kontinyèl nan men fanmi yo, elèv yo, ak anplwaye ki mande pou redwi ane lekòl la a 180 jou, e modifikasyon sa a se yon repons ak kòmantè sa yo.

Chanjman sa a pral:

- Soulaje fado orè yo sou fanmi ki gen elèv ki nan lòt lekòl BPS yo lè yo rapwoche plis kalandriye UP la ak rès Lekòl Piblik Boston yo.
- Kreye yon ane eskolè ki pi dirab pou elèv yo, fanmi yo, ak anplwaye yo - sitou nan ane difisil COVID sa a.
- Diminye defi transpò pou fanmi yo ki parèt nan dat kòmansman kou yo ki rapwoche lòt lekòl BPS yo.
- Ekonomize lajan BPS lè w retire yon semèn anplis sou frè otobis ki nesèsè kounye a pou w gen yon ane lekòl 185 jou.

Komite a pwograme pou vote sou demann lan pita nan reyinyon an.

25 Me 2022

## KÒMANTÈ JENERAL PIBLIK LA

- Ankaa Hollister Carlson, rezidan Jamaica Plain ak etidyan Boston Latin Academy, te defann bon jan kalite edikasyon sou sante seksyèl ki apwopriye pou laj yo,
- Sugey Scannell, rezidan Roslindale ak paran nan Lekòl Hurley K-8, te temwaye pou sipòte yon Group Travay sou Aprenan Anglè yo ki te fè yon prezantasyon bay Komite Lekòl la nan prentan sa a.
- Maria Mejia, rezidan Roxbury ak paran nan Lekòl Elemantè Blackstone, te temwaye pou sipòte ansèyman nan lang natif natal ak sekirite lekòl la.
- Kelsey Brendel, rezidan Back Bay ak paran BPS, te temwaye konsènan enkyetid yo sou edikasyon espesyal.
- Ymaris Matias, rezidan South End ak paran nan lekòl Orchard Gardens K-8, te temwaye pou sipòte yon Group Travay sou aprenan Anglè yo ki te fè yon prezantasyon bay Komite Lekòl la nan prentan sa a.
- Michael Heichman, rezidan Dorchester ak manm Boston Education Justice Alliance, te temwaye kont administrasyon eta a ak lòt pwoblèm ki gen rapò ak edikasyon.
- Roxi Harvey, rezidan Dorchester ak prezidan, Konsèy Konsiltatif Edikasyon Espesyal nan Boston, te temwaye konsènan enkyetid yo sou edikasyon espesyal.
- Tania Del Rio, rezidan East Boston ak paran Lekòl Alighieri Montessori, te temwaye an favè yon nesosite jistis lojman nan kontra Sendika Pwofesè yo nan Boston.
- Ann Hernandez, rezidan Roslindale ak anplwaye Lekòl Matematik ak Syans nan O'Bryant te defann sipò sante mantal pou elèv yo.
- Ruby Reyes, rezidan Dorchester ak Direktè Egzekitif Edikasyon Jistis Alyans nan Boston, te temwaye konsènan rapò DESE a.
- Griselda Polanco, rezidan Roslindale ak paran BPS, te temwaye pou sipòte Gwoup Travay sou Aprenan Anglè yo ki te fè yon prezantasyon bay Komite Lekòl la nan prentan sa a.
- Sharon Daura, rezidan Roslindale ak paran nan Lekòl Elemantè Manning, te temwaye konsènan enkyetid sou pwoblèm entimidasyon yo.
- Danielle Tierney, rezidan Dorchester ak paran Henderson nan Lekòl Enklizyon, te temwaye konsènan pwoblèm sou edikasyon espesyal.
- Edith Bazile, rezidan Hyde Park ak manm Avoka nan Boston pou yon Edikasyon Ekselan, te temwaye konsènan pwoblèm sou edikasyon espesyal.

## PWEN ANGAJMAN YO

**Apwouve** - Nan yon apèl nominal, Komite a te apwouve nan inanimite yon sibvansyon ki totalize 955,926 dola.

Chèf enterimè pou Avansman Fanmi ak Kominote a Denise Snyder te prezante rekòmandasyon Siveyan an pou retire Lekòl Piblik Boston yo nan Pwogram Chwa Lekòl MA pou Ane Eskolè 2022-2023 dapre yon kantite faktè, tankou: pwoblèm devwa elèv yo; limit espas; enplikasyon pri yo; ak desizyon komite lekòl yo nan kominote vwazen yo. Siveyan an sigjere distri a ka vle anvizaje pou patisipe nan pwogram nan alavni kòm yon estrateji pou enskripsyon an. Mesye Cardet-Hernandez te dakò distri a ta dwe konsidere pwogram nan alavni.

25 Me 2022

**Apwouve** - Nan yon apèl nominal, Komite a nan inanimite te apwouve rekòmandasyon Siveyan an pou retire BPS nan Pwogram Chwa Lekòl MA pou SY 2022-23.

**Apwouve** - Nan yon apèl nominal, Komite a te apwouve nan inanimite yon modifikasyon nan nòm UP Academy Boston ak UP Academy Dorchester pou mete ajou chak ane orè a soti nan 185 jou lekòl pou rive nan 180 jou lekòl, apati ane eskolè 2021-2022.

## RAPÒ

**Mizajou sou Aprantisaj Ete a** - Chèf enterimè pou Avansman Fanmi ak Kominote a Denise Snyder ak Direktè Egzekitif Opòtinite Aprantisaj ak Patenarya elaji Alba Cruz Davis prezante yon rapò sou opòtinite aprantisaj ete distri a. BPS ap lanse yon pwogram ete konplè pou asire opòtinite yo disponib pou tout elèv yo. ki ankouraje kwasans sosyal ak emosyonèl, ankouraje aprantisaj kontinye pandan ete a, fèmen espas vid yo, epi bay yon eksperyans anrichisman. Sa a patikilyèman enpòtan pou elèv ki soti nan yon popilasyon istorikman defavorize, ki gen ladan elèv ki gen koulè, ak aprenan anglè (ELs) ak/oswa ki gen andikap.

"Eksperyan lete" se yon ansanm opòtinite gratis (eksepte yon endikasyon kontrè) ki gen ladan:

- Pwogram Lete Stuff ki ofri pou antite ki pa BPS yo (souvan peye)
- Pwogram aprantisaj ak anrichisman BPS 5yèm Trimès ki fèt nan lekòl oswa nan lokal patnè yo
- Pwogram BPS Early Focus sipòte aprenan prekòs yo
- Pwogram Espesifik Rekiperyasyon Kredi lekòl segondè BPS yo- sou envitasyon
- Pwogram Aprenan Anglè yo sitou entegre nan 5yèm Trimès; lòt moun yo sou envitasyon
- Ane Eskolè Pwolonje (ESY) sou envitasyon pou elèv ki gen yon Plan Edikasyon Endividalize (IEP) ki genyen ESY
- Inisyativ Egzamen Lekòl yo (ESI) sou envitasyon pou sipòte elèv ki soti nan gwoup ki pa reprezante nan egzamen lekòl yo
- Travay pandan sezon ete a atravè vil Boston ak patnè k ap ofri opòtinite pou touche e aprann jèn ki gen laj 14-24 ane

Objektif pou ete 2022 a enkli ogmantasyon kantite plas nan pwogram 5yèm Trimès la, kantite pwogram ki gen orè pou yon jounen pwolonje, opsyon transpò ki disponib, ak aksè pou manje fre. Investisman BPS nan aprantisaj ete 2022 a se 24.1 milyon dola. Fanmi yo ka enskri sou Entènèt nan [bostonpublicschools.org/summer](https://bostonpublicschools.org/summer).

Doktè Alkins mande pou sèvis sante mantal yo ofri pandan ete a. Madam Snyder te di lyezon familyal yo ofri pwen kontra pou fanmi yo pandan ete a. Madam Cruz Davis te di fòmasyon pou pwogram ete yo pral gen ladan byennèt sosyal emosyonèl.

Mesye Cardet-Hernandez te poze kesyon sou patisipasyon. Aktyèlman Madam Cruz Davis te di mwaye nan plas pwogramasyon ete yo plen apati jodi a. BPS ofri tou pwogram ete pou ane lekòl pwolonje pou 4200 elèv nan edikasyon espesyal atravè Biwo Edikasyon Espesyal.



**25 Me 2022**

Madam Polanco Garcia te sijere pou ofri elèv yo pwogram ete nan lang natif natal yo.

Madam Robinson te mete aksan sou enpòtans sansibilizasyon ak kominikasyon ak fanmi yo sou opòtinite aprantisaj ete yo.

**Mizajou Pwosesis rechèch Siveyan an** - Doktè Cassellius te soti nan reyinyon an epi li te retounen imedyatman apre mizajou a. Doktè Pam Eddinger, vis prezidan komite rechèch Siveyan an ak prezidan Bunker Hill Community College, te prezante yon mizajou sou pwosesis rechèch la.

Sou Me 18, Komite a te rankontre nan moun nan sesyon egzekitif pou revizyon aktyèl aplikasyon yo. Te gen 34 kandida. Komite a te chwazi yon ti gwoup kandida pou fè entèvyou vityèlman nan sesyon egzekitif 1ye ak 2 jen. Karakteristik ti gwoup la reponn ak pwofil egzekitif nou an pou siveyans lan. Gwoup la divèsifye e ekilibre konsènan sèks ak ras/etnisite. Gwoup la gen ladan moun ki gen eksperyans kòm siveyan, dirijan ak kandida ki gen konesans lokal ak pèspektiv nasyonal.

Doktè Eddinger te note Orange County FL ak Dallas TX, tou de pi gwo distri k ap chèche direktè, gen respektivman 15 ak 12 kandida. Tandans lan se mwens aplikasyon nan gwo distri yo o nivo nasyonal.

Aprè premye entèvyou adistans sa a, Komite a pral redui lis kandida pi plis pou yon dezyèm tou nan entèvyou an pèsòn, nan sesyon egzekitif, 7 ak 8 jen. Komite a pral idantifye finalis nan seri entèvyou sa a epi rekòmande Komite Lekòl la. Chaj Komite Rechèch la ap ranpli yon fwa yo rekòmande finalis yo. Nan mitan mwa jen, Komite Lekòl la pral fè entèvyou piblik ak finalis yo. Nan fen mwa jen, Komite Lekòl la pral vote sou seleksyon final la.

An patenarya ak Biwo Majistra a, manm Komite Rechèch yo te asiste lòt sesyon odyans an ti gwoup nan senk lòt lang BPS (*Kreyòl Ayisyen - dat TBD*), Kantonè, Kreyòl Cabovèdyen, Vyetnamyen, ak Mandarin). Komite Rechèch la kontinye ankouraje gwoup ki vle pataje kòmantè pou òganize pwòp sesyon odyans yo, epi voye yon memo rezime nan imèl ofisyèl Komite Rechèch la, oswa envite manm Komite Rechèch la pou yo patisipe epi koute. Komite a kontinye aksepte temwayaj videyo ak soumèt tèks sou sitwèb ([bostonpublicschools.org/supt-search](https://bostonpublicschools.org/supt-search) oswa sou imèl nan ([superintendentsearch@bostonpublicschools.org](mailto:superintendentsearch@bostonpublicschools.org).)

Dr Alkins sijere pataje prochen pwotokòl DESE a ak kominote-a.

Mesye Cardet-Hernandez mete aksan sou enpòtans ki genyen pou verifye chèk referans yo nan pwosesis rechèch la. Li sijere Komite a gen yon konvèsyon osijè siveyan pwovizwa nan pwochen reyinyon Komite Lekòl la, menm si siveyan la sèlman pou yon peryòd ki kout.

25 Me 2022

Charlie Kim, rezidan North End ak vis prezidan, Konsèy Konsiltatif Pran pou edikasyon espesyal Boston, te temwaye konsènan sibvansyon ARP IDEA Early Childhood ak aprantisaj etc.

## NOUVO AKTIVITE

Doktè Alkins te mande pou Komite a resevwa swivi nan men ekip Siveyan an konsènan enkyetid ki te soulve yo pandan kòmantè piblik la. Madam Robinson te mande Siveyan an pou l fè yon suivi pwochen reyinyon Komite a. Siveyan an te di ke li pral tcheke pou wè avèk yon konseye legal sou sa pou wè ki enfòmasyon yo ka pataje piblikman

## AJOUNE

**Apwouve** - Ozanviwon 9:37 p. m. Komite a te apwouve an blòk yon mosyon, nan apèl nominal, yo te repòte reyinyon an.

Ateste:



Elizabeth Sullivan  
Sekretè Egzekitif